***R. J. İbragimova***

# BİLİW PROTSESSLERİNİN` PSİXODİAGNOSTİKASI

***(Metodikalıq qollanba)***



**NO`KİS-2013**

O`ZBEKİSTAN RESPUBLİKASı
XALIQ BİLİMLENDİRİW MİNİSTRLİGİ

A`JİNİYaZ ATINDAG`I NO`KİS MA`MLEKETLİK
PEDAGOGİKALIQ İNSTİTUTI

PEDAGOGİKA HA`M PSİXOLOGİYA KAFEDRASI

*R. J. İbragimova*

# BİLİW PROTSESSLERİNİN` PSİXODİAGNOSTİKASI

***(Metodikalıq qollanba)***

**NO`KİS-2013**

***Du`ziwshi:*** **R.J. İbragimova**

Bul metodikalıq qollanba «Pedagogika ha`m psixologiya» ta`lim bag`darı boyınsha bilim alıp atırg`an talabalar ha`m mektep a`meliyatshı psixologları ushın usınıladı.

Bul metodikalıq qollanbada pedagogika ha`m psixologiya ta`lim bag`darında oqıp atırg`an talabalardın` psixodiagnostika pa`ni boyınsha bilimge iye bolıwı ha`m mektep a`meliyatshı psixologlarının` na`tiyjeli jumıs alıp barıwı ushın bir qansha ko`rsetpeler berilgen. Atap aytqanda, mektep oqıwshıları arasında biliw protsesslerinin` rawajlanıw da`rejesin anıqlaw maqsetinde qollanılatug`ın ha`r qıylı psixodiagnostikalıq metodikalar keltirilgen. Bul metodikalar qollanılıw ta`rtibi, ko`rsetpeleri menen berilgen bolıp, qollanba a`meliyatshı psixologlar, oqıtıwshılar ha`m talabalarg`a arnalg`an.

***JUWAPLI REDAKTOR:***

***Z.P. Klıcheva -*** A`jiniyaz atındag`ı No'kis ma'mleketlik pedagogikalıq institutı Pedagogika ha`m psixologiya kafedrası baslıg`ı, psixologiya ilimlerinin' kandidatı, dotsent.

***PİKİR BİLDİRİWSHİLER:***

1. ***İ. Pirniyazov -*** No`kis pedagogika kolleji direktorı, psixologiya ilimlerinin' kandidatı.
2. ***Z.Sh. Sherimbetova -*** A`jiniyaz atındag`ı No'kis ma'mleketlik pedagogikalıq institutı ag`a oqıtıwshısı, psixologiya ilimlerinin' kandidatı.

**Metodikalıq qollanba A`jiniyaz atındag`ı No`kis ma`mleketlik pedagogikalıq institutının` Oqıw-metodikalıq Ken`esi qararı (28-may 2013-jılg`ı №5) menen baspag`a usınılg`an.**

# *So`z bası*

Bizge ma`lim, son`g`ı jılları O`zbekstan Respublikası bilimlendiriw sistemasında jas a`wladtı fizikalıq ha`m ruwxıy jaqtan ta`rbiyalaw, olardın` salamat, jetik insan bolıp rawajlanıwına ma`mleketimiz ju`da` u`lken itibar bermekte. Bilimlendiriw sistemasında oqıwshılardı jetik, ka`mil insan etip ta`rbiyalawda, olardın` belgili bir ka`sipke bag`darlawda a`meliy psixologlardın` ulesi ju`da` u`lken. Ha`zirgi waqıtta mekteplerde ha`m orta arnawlı oqıw orınlarında psixologiyalıq xızmet ko`rsetiw, yag`nıy a`meliyatshı psixologlarg`a shtat ajıratılg`an bolıp, bul lawazımda o`z xızmetin baslag`an a`meliy psixolog o`z jumısın qalay sho`lkemlestiriw, o`z jumısın nelerden baslaw kerekligi, qanday is-ilajlar o`tkeriw haqqında anıq tu`sinikke iye bolıwı kerek. Sonın` menen birgelikte, bu`gingi ku`nde qala ha`m rayonlarda bilimlendiriw basqarmaları janında diagnostika orayları o`z xızmetlerin ko`rsetpekte.

A`meliyatshı psixolog o`z jumısın sol oqıw ornındag`ı ta`lim-ta`rbiya protsesin jaqsılawg`a, balalardı baslang`ısh klassqa qabıllaw ushın olardı psixologiyalıq jaqtan diagnostika qılıwg`a qaratadı.

A`meliyatshı psixologlardın` bilimlerin asırıwshı qayta tayarlaw kursları olarg`a tek g`ana teoriyalıq bilim beriw menen sheklenetug`ınlıg`ı sebepli, alg`an bilimlerin a`meliyatta qollag`an waqıtta bul qollanba metodikalıq jaqtan jaqınnan ja`rdem beredi. Bul metodikalıq qollanba mektep a`meliyatshı psixologlarının` na`tiyjeli jumıs alıp barıwında, «Pedagogika ha`m psixologiya» ta`lim bag`darında oqıp atırg`an talabalardın` «Psixodiagnostika» pa`ni boyınsha teren` bilimge iye bolıwı, laboratoriya sabaqlarında bul metodikalardan paydalanıp diagnoz qoyıw jolların u`yreniwinde u`lken ja`rdem beredi degen u`mittemiz.

# DIQQAT PSİXODİAGNOSTİKASI

Basqa barlıq na`rselerge alan` bolmastan, sananı belgili bir ob`ektlerge yamasa belgili bir xızmetke bag`darlaw ha`m ja`mlewdi ***diqqat*** dep ataydı**.**

Dıqqat ba`rqulla og`ada ko`p basqa na`rselerden qanday da bir na`rseni ajıratıp alıw boladı. Dıqqat individtin` emotsional, aqılıy yamasa ha`reketlendiriwshi aktivligi da`rejesinin` asırılıwın talap etetug`ın ta`rizde sananın` bag`darlang`anlıg`ı ha`m bir na`rsege qaratılg`anlıg`ı esaplanadı.

**Dıqqattın` fiziologiyalıq negizleri.** Bul o`z-ara baylanıslılıq sizlerge ma`lim bolg`anınday-aq I.P. Pavlov ta`repinen anıqlang`an nerv protsessleri induktsiyasının’nızamı tiykarında ju`z beredi, al og`an muwapıq miy qabıg`ının` bir uchastkalarında ju`z beretug`sn qozdırıwshılıq protsessleri miydin` basqa uchastkalarındag`ı irkiw protsesslerin keltirip shıg`aradi. Eger de adam dıqqatın qanday da bir zatqa ja`mlegen bolsa, tap usının` o`zi sol zat yarım sharlardın` qabıg`ının` tiyisli uchastkasında qozdırıwshılıqtı keltirip shıg`aradı, qabıqtın` basqa uchastkaları bolsa, irkilip qaladi, na`tiyjede «adam usı zattan basqa hesh na`rseni ko`rmeydi» degendi bildiredi. Haqıyqatlıqtın` ga` bir, ga` ekinshi ob`ekti adamnın’miyinde qozdırıwshılıqtı keltirip shıg`atug`ınlıqtan yarım sharlardın` qabıg`ında qozdırılg`an orayda olay-bılay almasıp ju`rgen sıyaqlı tu`sinik payda boladı, al usınnan dıqqattın` bir zattan ekinshisine awmasıp turıwı kelip shıg`adı.

**Dıqqattın` tu`rleri.** Dıqqat erkin emes (aldın oylanbag`an) ha`m erkin (aldın oylang`an) bolıwı mu`mkin. Erkin emes dıqqat onın` o`zine ta`n formalarında haywanatlarg`a da ta`n boladı. Erkin dıqqat - dıqqattın` spetsifikalıq insanıylıq forması boladı, ol tariyxıy jaqtan adamnın` miynet xızmetinde payda boldı.

Adamg`a ta`sir jasawshı qozdırıwshılardın` o`zgesheliklerine to`mendegiler jatadı:

1. *Qozdırıwshının` ku`shi ha`m ku`tilmegenligi.* Qattı ses, jaqtının` qattı jarq etiwi, qattı iyis ba`rqulla dıqqattı o`zine tartadı.

2. *Qozdırıwshının` jan`a, ayrıqsha qarama-qarsılıqlı bolıwı.* Oqıwshılardın’ dıqqatın ele ko`rmegen jan`a markalı a`detten tıs jen`il mashinalar erksiz o`zine tartadı.

3. *Ob`ekttin` jıljımalılıg`ı,* sonday-aq qozdırıwshı ha`reketinın’ baslanıwı yamasa, kerisinshe toqtap qalıwı.

***Oqıwshılardın` turaqlı erkin dıqqattı ta`miyinlewi bir qatar sha`rtlerden g`a`rezli boladı.***

1. Usı xızmetti orınlawda parızın ha`m minnetin tu`siniw.

2. Orınlanıp atırg`an xızmettin` konkret wazıypasın anıq tu`siniw.

3. U`yrenshikli jumıs sha`rtleri.

4. Janapay qızıg`ıwshılıqlardın` payda bolıwı.

5. Xızmet ushın qolaylı sha`rtlerdi du`ziw, yag`nıy unamsız ta`sir jasaytug`ın basqa qozdırıwshılardı (televiziyalıq ko`rsetiwlerdi, qattı muzıkanı, shawqımdı) saplastırıw.

**Dıqqattın` qa`siyetleri.** A`dette en` za`ru`rli qa`siyet dıqqattın` ***ja`mlengenligi*** dep ju`ritiledi. Biraq tek, usı g`ana a`hmiyetli emes g`oy. Adam dıqqatın qanshama uzaq waqıt dawamında ta`miyinley alatug`ınlıg`ı da, yag`nıy dıqqattın` ***turaqlılıg`ı*** a`hmiyetli boladı. Dıqqattın` ken`ligi ta`repinen de, zatlardı ha`m qubılıslardı qanshama ken` tu`rde qamtıytug`ınlıg`ı jag`ınan da bahalaw a`hmiyetli boladı. Usıg`an baylanıslı dıqqattın` ***ko`lemi*** ha`m ***bo`listiriliwi*** sıyaqlı eki qa`siyeti ayırılıp shıg`adı. En` son`ında dıqqat qanshama epshil, ol bir ob`ektten ekinshisine qanshama tez ***awısatug`ının*** biliw a`hmiyetli boladı.

Biz balalarda dıqqattın` tu`rlerine qaray qay da`rejede rawajlang`anlıg`ın anıqlaw ushın psixodiagnostikalıq metodikalardan paydalanamız.

## «KORREKTUR SINAWI» METODİKASI
### *(ha`ripli variantı)*

İzertleniwshilerge ha`r bir qatarda ha`r tu`rli 40 ha`rip jazılg`an 40 qatarlıq blanka tarqatıladı. Sınalıwshılar ha`r bir qatardan izbe-iz belgilengen ha`riplerdi sızıp shıg`ıwı kerek boladı. Bunın` ushın 5 minut waqıt beriledi.

***Ko`rsetpe:*** «Sizin`, wazıypan`ız berilgen blankanın` birinshi qatarınan baslap, belgili ha`riplerdi shepten on`g`a qaray izbe-iz tawıp sızıp ketiwden ibarat. Anıq ha`m tez ha`reket etiw kerek boladı. Orınlaw waqtı - 5 minut».

***Mısalı:***

**E K R N S O A R V N E S A R K V R E**

***(№1 qosımsha)***

Dıqqattın` ko`lemi ko`rilgen ha`riplerdin` sanına qaray bahalanadı, kontsentratsiyası bolsa qa`teler sanına qaray anıqlanadı. Solay etip, bul metodikada 2 ko`rsetkish bahalanadı.

Dıqqattın` ko`leminin` norması – 850 den aslam belgi yamasa ha`rip, al kontsentratsiyası bolsa – 5 ha`m onnan kemirek qa`telerge qaray bahalanadı. Metodika individual ta`rizde ha`m toparda o`tkeriwge arnalg`an.

## «QIZIL-QARA KESTE» METODİKASI

Bul metodika dıqqattın` ko`shiwshen`ligin bahalawg`a arnalg`an. İzertleniwshiler berilgen qızıl-qara kestede sanlardı o`siw ta`rtibinde qarap qasındagı ha`riplerdi jazıp shıg`ıwı kerek boladı. Bunda qızıl sanlar kemiw ta`rtibinde, al qara sanlar o`siw ta`rtibinde qarap shıg`ıladı.

Sınalıwshılarg`a ko`rsetpe oqıp esittiriledi.

***Ko`rsetpe:*** «Sizlerge qızıl-qara sanlar jazılg`an keste tarqatıladı.

Sizler qızıl ha`m qara sanlardı alma-gezek ko`riwin`iz kerek, bunda qızıl sanlardı kemiw ta`rtibinde, 25 ten 1 ge shekem, al qara sanlardı o`siw ta`rtibinde – 1 den 25 ke shekem. Sanlardın` qasındag`ı tek g`ana ha`riplerdi jazıwın`ız kerek. Orınlaw waqtı – 5 minut».

***Mısalı:*** Qızıl san 25, R dı jazamız, keyin qara san 1, V ha`ribin jazamız, keyingisi, qızıl san 24, İ ha`ribin jazamız, qara san 2, N ha`ribin jazamız. Solay etip, juwaplar qag`azında qatar ha`ripler jazıladı:

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| **R** | **V** | **İ** | **N** | **. . .** | **. . .** |

***(№2 qosımsha)***

Metodika durıs tiklengen jup ha`ripler sanına qaray bahalanadı.

## MYuNSTERBERG METODİKASI

Bul metodika dıqqattın` tan`lang`anlıg`ın anıqlaydı.

***Ko`rsetpe:*** «Bul ha`ripli testtin` aralarında so`zler jasırıng`an. Sizin` wazıypan`ız shaqqanlıq penen tekstti oqıp so`zlerdin` astın sızıp shıg`ıw».

***Mısalı:*** l p a q u ya sh v a r p d v d ı

***(№3 qosımsha)***

Orınlaw waqtı – 2 minut.

Bul metodikanı individual ta`rizde ha’mde toparda o`tkeriwge boladı. Na`tiyjesi belgilengen so`zlerdin` sanı ha`m jiberilgen qa`telerdin` sanı menen bahalanadı.

# ESTE SAQLAW PSİXODİAGNOSTİKASI

İndividtin` o`z ta`jiriybesin este alıp qalıwı, este saqlawı ha`m keyin onı ja`ne eske tu`siriwi este saqlaw dep ataladı.

Este saqlaw - bul qa`de bolg`anınday-aq jan`a na`rseni adamnın` sanasında bir na`rse menen baylanıstırıw boladı. Oqıw materialların este saqlap qalıw - bul onı burıng`ı bilimler menen baylanıstırıw, sırt el so`zin este saqlap qalıw - onı tiyisli bir tu`sinik penen baylanıstırıw degen so`z boladı. Bizin` sanamızda sa`wlelengen ha`m bizin` yadımızda bekkemlenip qalg`an ayırım waqıyalardın`, faktlerdin`, zatlardın, yamasa qubılıslardın` arasındag`ı baylanıstı ***assotsiatsiya*** dep ataydı.

Assotsiativlik baylanıstın` tiykarg`ı ma`n`isi sonnan ibarat, sanada usı baylanıstın` basqa elementinın'payda bolıwın da keltirip shıg`aradı. Men bir adamnın` familiyasın esitiwden - aq menın'sanamda onın` obrazı payda boladı.

Sol waqıttag`ı este saqlaw seziw organları ta`repinen sol waqıtta kartinanın` da`l ha`m tolıq tutıp qalıwı, alıng`an mag`lıwmattı hesh qanday qayta islemewi menen baylanıslı. Bul este saqlaw - mag`lıwmattın` seziw organları ta`repinen tikkeley sa`wleleniwi. Onın' dawam lılıg'ı 0,1 den 0,5 s. Bul este saqlaw - ***obraz.***

**Yad protsesi.** *Yad* - quramalı psixikalıq xızmet. Onın' quramınan ayırım protsesslerdi ajıratıp shı`arıg`a boladı Onın' tiykarları - este tutıw, este saqlaw (ha`m usıg`an sa`ykes tu`rde umıtıw), eske tu`siriw ha`m tanıw boladı.

***Este tutıw*** - yadtın` xızmeti este tutıwdan, yag`nıy seziw ha`m qabıl etiw protsesinde zatlardın' ha`m qubılıslardın' ta`siri astında sanada payda bolatug`ın obrazlardı ja`ne ta`sirlerdi bekkemlewden baslanadı. Fiziologiyalıq ko`z-qarastan este tutıw - bul qozdırıwshılıqtın` izlerinın' ha`m usıg`an sa`ykes nervlik baylanıslardın` miyde ju`zege keliw ja`ne bekkemleniw protsesi boladı.

***Este saqlaw ha`m umıtıw.*** *Este saqlaw* - bul yadlap alg`an na`rseni yadta tutıw, yag`nıy miydegi izlerdi ha`m baylanıslardı saqlaw boladı. Umıtıw - yadtan joq bolıw, shıg`ıw, yag`nıy izlerdin` gu`n`girtlenip ketiwi, saplasıwı, o`shiwi, baylanıslardın` irkiliw protsessi boladı. Xarakteri jag`ınan bir-birine qarama qarsı usı eki protsess tu`p ma`nisi jag`ınan bir protsesstin` ha`r qıylı sıpatlaması boladı. Biz materialdı este tutıw tuwralı ol umıtılmag`an waqıtta so`z etemiz, al umıtıw bul

materialdı este jaman tutıw boladı. Sonlıqtan da este saqlaw bul umıtıwg`a qarsı gu`res ju`rgiziwden basqa na`rse emes.

***Tanıw ha`m eske tu`siriw.*** *Eske tu`siriw* - sanada yad eleslerinin`, burın ug`ıng`an pikirlerdin` payda bolıwı, yad bolıp ketken is-ha`reketlerdin` a`melge asırılıwı boladı, onın' tiykarın izlerdin` janlanıwı, olarda qozdırıwshılıqtın` payda bolıwı quraydı. Tanıw ta`kirar qabıl etken waqıtta tanıs sezimnın' payda bolıwı. Eske tu`siriw qatan` oylaw menen baylanısqan ha`m jigerlilik jag`dayınan belgili bir ku`sh jumsawdı talap etetug`in en` aktiv tu`rdegi eske tu`siriw boladı.

***Qısqa waqıt este saqlaw*** - mag`lıwmatlardı qısqa waqıt aralıg`ında saqlaw usılı esaplanadı. ***Mnemikalıq*** izlerdin` saqlanıwı bunda bir neshe on sekundtan artıq bolmaydı. Qısqa waqıt este saqlawda tolıq emes, al qabıllang`anının' tek ulıwmalasqan obrazı, onın' en` ko`birek elementleri saqlanadı. Bul este saqlaw sanalı tu`rde aldın-ala este saqlaw maqsetisiz, biraq materialdı keyin ala ko`z aldına keltiriw maqseti menen jumıs isleydi. Qısqa waqıtlı este saqlaw adamnın' aktual dep atalıwshı sanası menen baylanıslı.

***Operativ este saqlaw*** dep, mag`lıwmattı bir neshe sekundttan bir neshe ku`nge shekemgi diapazonda, aldın ala berilgen, belgili bir mu`ddet dawamında saqlawg`a mo`lsherlengen este saqlawdı aytadı. Bul este saqlawdın` mag`lıwmatın saqlaw mu`ddeti adam aldında turg`an ma`sele menen anıqlanadı ha`m usı ma`seleni sheshiwge arnalg`an. Bunnan son` mag`lıwmat operativ este saqlawdan o`ship ketiwi mu`mkin. Este saqlawdın` bul tu`ri o`z qa`siyetleri ha`m mag`lıwmatti saqlaw dawamlılıg'ı boyınsha qısqa waqıt ha`m uzaq waqıt arasındag`ı jag`daydı iyeleydi.

***Uzaq waqıtlıq*** - bul mag`lıwmattı derlik sheklenbegen mu`ddetke saqlawg`a uqıplı este saqlaw. Uzaq waqıtlıq este saqlaw saqlag`ıshına tu`sken mag`lıwmat, ko`p ma`rte jog`altıwlarsız ko`z aldına keltiriledi. Sonday-aq, bul mag`lıwmatlardı ko`p ma`rte ha`m sistemalı ko`z aldına keltiriw onın' uzaq waqıtlıq este saqlawda izin bekkemleydi. Keyingisi adamnın' qashanlardur yadlag`anın qa`legen waqıtta esine tu`siriw uqıbın beredi. Uzaq waqıtlıq este saqlawdan paydalang`anda eske tu`siriw ushın oylaw ha`m erk ku`shi kerek, sonlıqtan da, onın' a`meliyatta ha`reket etiwi a`dette usı eki protsess penen baylanıslı.

***Genetikalıq este saqlawda*** mag`lıwmat genotipte saqlanadı, miyras bolıp o`tedi ha`m ko`z aldına keltiriledi. Bunday este saqlawda mag`lıwmattı este saqlawdın` tiykarg`ı biologiyalıq mexanizmi mutatsiyalar ha`m usının' menen baylanıslı genlık du`zilistin` o`zgeriwi esaplanadı. Adamda genetikalıq este saqlaw - biz u`yreniw ha`m ta`rbiyalaw arqalı ta`sir ko`rsete almaytug`ın birden-bir este saqlaw.

## «SANLARDI ESTE SAQLAW» METODİKASI

Metodika qısqa mu`ddetli ko`rip este saqlawdı, onın` ko`lemin ha`m anıqlıg`ın bahalawg`a arnalg`an. Tapsırmada sınalıwshılarg`a 20 sekund ishinde 12 eki qanalı san jazılg`an keste ko`rsetiledi. Keste alıp qoyılg`annan keyin sınalıwshılar blankag`a esinde qalg`an sanlardı jazıwı kerek boladı.

***Ko`rsetpe:*** Sizlerge sanlar jazılg`an keste ko`rsetiledi. Sizin` wazıypan`ız 20 sekund ishinde ilajı barınsha ko`birek sandı eslep qalıw kerek. 20 sekundtan keyin keste alıp qoyıladı, keyin Siz esin`izde qalg`an sanlardı jazıwın`ız kerek.

**Keste**

| | | | |
|---|---|---|---|
| **13** | **91** | **47** | **39** |
| **65** | **83** | **19** | **51** |
| **23** | **94** | **71** | **87** |

Qısqa mu`ddetli ko`rip este saqlawdı bahalaw durıs eske tu`sirilgen sanlardın` sanına qaray bahalanadı. Eresek adam ushın 7 ha`m onnan da ko`p sandı eske tu`siriw norma esaplanadı. Metodika toparda o`tkeriwge ju`da` qolay ha`m ko`p waqıttı almaydı.

## «OBRAZLARDI ESTE SAQLAW» METODİKASI

Metodika obrazlıq este saqlawdı anıqlawg`a arnalg`an. Bunda sınalıwshılarg`a 20 sekund dawamında 18 obraz sa`wlelengen keste ko`rsetiledi. Obrazlardı 1 minut ishinde blankaga tu`siriw kerek boladı.

***Ko`rsetpe:*** «Sizlerge obrazlar sa`wlelengen keste ko`rsetiledi. Sizin` wazıypan`ız 20 sekund ishinde ilajı barınsha ko`birek obrazdı este alıp qalıw. 20 sekundtan keyin keste alıp qoyıladı, ha`mde Siz esin`izde qalg`an obrazlardı sızıp yamasa atın jazıp beriwin`iz kerek boladı».

Testtin` na`tiyjesi durıs eske tu`sirilgen obrazlardın` sanına qarap anıqlanadı. 8 ha`m onnanda ko`p obrazdı eske tu`sirse, norma esaplanadı. Metodika individual tu`rde ha`m toparda o`tkeriliwi mu`mkin.

***(№4 qosımsha)***

## OYLAW PSİXODİAGNOSTİKASI

Oylaw en` joqarg`ı biliw protsesi esaplanadı. Ol jan`a bilim, do`retiwshilik sa`wleleniwdin` jedel forması ha`m haqıyqatlıqtı adam ta`repinen qayta islewdi quraydı. Oylaw ya haqıyqatta, ya sub`ektte sol waqıtta bolmag`an na`tiyjeni payda etedi. Oylawdı (elementar formada ol haywanlarda da bar) jan`a bilimdi alıw, bar tu`siniklerdi do`retiwshilik tu`rlendiriw sıpatında da tu`siniw mu`mkin. Oylawdın` basqa psixologiyalıq protsesslerden o`zgesheligi sonnan ibarat, ol barlıq waqıtta sheshiw kerek bolg`an problemalı jag`day, ma`selenın' bolıwı ha`m bul ma`sele berilgen jag`daydın` jedel o`zgeriwi menen baylanıslı. Oylawdın` qabıl etiwden ayırmashılıg`ı ol sezimli mag`lıwmat shegarasınan shıg`adı, u`yreniw shegaraların ken`eytedi. Oylawda sensor mag`lıwmat tiykarında belgili bir teoriyalıq ha`m praktikalıq juwmaqlar islenedi. Ol turmıstı tek g`ana bo`lek bir zat, qubılıs ha`m olardın` qa`siyetleri tu`rinde sa`wlelendirip qoymastan, olar arasında bar bolg`an ko`pshilik jag`dayda tikkeley, qabıllawda adamg`a berilmegen baylanıslardi belgileydi. Zat ha`m qubılıslar qa`siyeti, olar arasındag`ı baylanıslar oylawda ulıwmalastırılg`an nızamlar tu`rinde sa`wlelenedi.

**Oylawdın` negizgi formaları**. *Tu`sinik* - bul oylaw forması bolıp, onda zatlardın` ha`m qubılıslardın` ulıwma ja`ne onın' u`stine en` a`hmiyetli qa`siyetleri sa`wlelenedi. Ha`r bir zat, ha`r bir qubılıs ko`plegen ha`r qıylı qa`siyetler, belgilerge iye boladı. Usı qa`siyetlerdi, belgilerdi en` a`hmiyetli ha`m a`hmiyetsiz dep, eki kategoriyag`a bo`liwge boladı.

***Tu`sinik*** - bilip alıwdın` anag`urlım rawajlang`an ha`m ha`r ta`repleme forması bolıp, ol ko`z aldına keltiriwge qarag`anda haqıyqatlıqtı a`dewir ken` ha`m tolıq sa`wlelendiredi. Bilip alıwdın` ja`miyetlik tariyxıy jaqtan rawajlanıwı protsesinde tu`siniktin` mazmunı ken`eyedi, teren`lesedi ha`m o`zgeredi. Mısalı, *«atom»* tu`sinigi.

***Pikir.*** Pikirlerde do`gerek a`tiraptag`ı du`nyanın' zatları menen qubılıslarının' ha`m olardın` qa`siyetleri menen belgileri arasındag`ı baylanıslar ja`ne qatnasıqlar

sa`wlelenedi. Pikir - bul oylaw forması bolıp, onda zatlar, qubılıslar yamasa olardın` qa`siyetleri jo`nindegi qanday da bir reje tastıyıqlanadı yamasa biykarlanadı. Mısalı, «Oqıwshı sabaqtı biledi» pikir, biykarlaw - «Bul so`z feyil emes». Pikir tu`siniklerdin` mazmunın ashıp beredi. Qanday da bir zattı yamasa qubılısti biliw - ol tuwralı durıs ha`m mazmunlı pikir ayta alıw, yag`nıy ol tuwralı pikir ju`rite alıw degen so`z boladı.

**Oydan juwmaq shıg`arıw** - sonday oylaw forması, onın’ protsesinde adam ha`r qıylı pikirlerdi salıstırıp ha`m analiz jasay otırıp, olardan jan`a pikir keltirip shıg`aradı. Mısalı, geometriyalıq teoremalardı da`lillew - oydan juwmaq shıg`arıwdın` tipik mısalı boladı.

Adam oydan juwmaq shıg`arıwdın` tiykarınan eki tu`rin induktivlik ha`m deduktivlik juwmaq shıg`arıwda paydalanadı.

***Induktsiya*** - bul jeke pikirlerden ulıwma pikirlerge qarap pikir ju`ritiw usılı, ayırım faktlerdi ha`m qubılıslardı u`yreniw tiykarında ulıwma nızamlardı ja`ne qa`delerdi anıqlaw boladı. Birgelikli bolg`an zatlardın` ha`m qubılıslardın` mu`mkinshiligi bolg`anınsha ko`birek mug`darı tuwralı bilimdi toplawdan baslanadı, bul na`rse zatlardag`ı ha`m qubılıslardag`ı uqsas ja`ne parıqlanatug`ın na`rseni itibarg`a almawg`a mu`mkinshilik beredi.

***Deduktsiya*** - bul ulıwma pikirlerden jeke pikirge qaray pikir ju`ritiw, ulıwma nızamlardı ha`m qa`delerdi biliwdin` tiykarında ayırım faktlerdi ja`ne qa`delerdi bilip alıw boladı.

## «SANLARDIN` BAYLANISI» METODİKASI

Metodika logikalıq oylawdı anıqlawg`a arnalg`an. Sınalıwshılarg`a sheshimin tabıw ushın 18 logikalıq ma`sele beriledi. Olardın` ha`r biri 2 logikalıq bag`darda bolıp, ha`ripler qanday da bir baylanıstı beredi. Sol baylanıstı oylanıp ko`rip ha`ripler arasına u`lken-kishi belgisin qoyıw talap etiledi.

***Ko`rsetpe:*** «Sizge 18 logikalıq ma`sele berilgen, olardan ha`r biri 2 logikalıq bag`darda. Orınlaw waqtı – 5 minut».

## «Sanlardın` baylanısı» metodikası ushın stimul materialı

1. A, B dan 9 ese u`lken.
B, V dan 4 ese kishi
V A

2. A, B dan 10 ese kishi.
B, V dan 6 ese kishi
A V

3. A, B dan 3 ese u`lken
B, V dan 6 ese kishi
V A

4. A, B dan 4 ese u`lken
B, V dan 3 ese kishi
V A

5. A, B dan 3 ese kishi
B, V dan 7 ese u`lken
A V

6. A, B dan 9 ese u`lken
B, V dan 12 ese kishi
V A

7. A, B dan 6 ese u`lken
B, V dan 7 ese u`lken
A V

8. A, B dan 3 ese kishi
B, V dan 5 ese u`lken
V A

9. A, B dan 10 ese kishi
B, V dan 3 ese u`lken
V A

10. A, B dan 2 ese kishi
B, V dan 8 ese u`lken
A V

11. A, B dan 3 ese kishi
B, V dan 4 ese u`lken
V A

12. A, B dan 2 ese u`lken
B, V dan 5 ese kishi
V A

13. A, B dan 5 ese kishi
B, V dan 6 ese u`lken
V A

14. A, B dan 5 ese kishi
B, V dan 2 ese u`lken
A V

15. A, B dan 4 ese u`lken
B, V dan 3 ese kishi
V A

16. A, B dan 3 ese kishi
B, V dan 3 ese u`lken
A V

17. A, B dan 4 ese u`lken
B, V dan 3 ese kishi
V A

18. A, B dan 3 ese u`lken
B, V dan 5 ese kishi
A V

Durıs juwaplardın` sanına qaray na`tiyjesi bahalanadı. Eresek adamlar normada 10 ha`m onnanda artıq tapsırmanı orınlawı kerek.

***Klyuch***

| | | |
|---|---|---|
| **1. V < A** | **7. A < V** | **13. V < A** |
| **2. A < V** | **8. V < A** | **14. A < V** |
| **3. V > A** | **9. V > A** | **15. V < A** |
| **4. V < A** | **10. A > V** | **16. A < V** |
| **5. A > V** | **11. V < A** | **17. V > A** |
| **6. V > A** | **12. A < V** | **18. A > V** |

## «ARTIQShASIN O`ShİRİW» METODİKASI

Bul metodika ulıwmalastırıw ha`m shalg`ıw, za`ru`rli belgini ajıratıw sıyaqlı oylaw protsesslerinin` da`rejesin u`yreniw ushın qollanıladı. Bul metodikanın`da eki tu`ri bar, so`zli ha`m predmetli. Bul metodikadan u`lkenlerdi ha`m kishkene balalardı tekseriwde paydalanıw mu`mkin. Metodikanın` awızeki variantın 11-12 jastan u`lken balalarda o`tkeriwge boladı. Ta`jiriybe o`tkeriw ushın so`zler qatarı jazılg`an arnawlı qag`az blanka kerek boladı.

***Ko`rsetpe:*** «Ha`r bir qatarda 5 so`z bar, 4 so`zdi bir toparg`a kiritip, bul toparg`a at qoyın`, bir so`z artıqsha bolıp onı o`shiriw kerek».

**«Artıqshasın o`shiriw» metodikası ushın stimul materialı**

1. Stol, stul, krovat`, pol, shkaf.
2. Su`t, qaymaq, qatıq, su`zbe, go`sh
3. Botinka, etik, baw, tufli, tapochka
4. Balg`a, ara, shege, balta, su`rgi
5. Mazalı, ıssı, ashshı, kermek, shor
6. Samolyot, arba, adam, keme, velosiped
7. Abror, Murat, Aziz, Asqarov, Nabi
8. Santimetr, metr, kilogramm, kilometr, millimetr
9. Pal`to, plash`, ko`ylek, shalbar, ilgek

Durıs ha`m nadurıs sheshimler menen birgelikte sınalıwshı tapsırmanı qanday tu`singeni, ulıwmalastırıp aytıp bergenligine qaray otırıp bahalanadı.

# QOSIMShALAR

*(№1 qosımsha)*

***«Korrektur sınawı» metodikası ushın stimul materialı***

**С Х А В С В С О У Л К А Д Е Р Д Н К П А У В П А Л Д П К А О Р Д Т Б Ь М А К Д Р**

**Х Р П К О А Л Д Р А Х М И Т А К Ц В О Р П К А Д О Л Ш Г Н Е Х А К В С Ч Ф М Ц Ч**

**Й Ц У К Е А Г Ш А З Х А Ж К Л О Р П А В Ф К А М И Т А Б С К А Х С А В Л У Ц А К**

**Х З Ш К А Т Р П А К Л О Р Н А К Ц А К В А Х Л О Р И М А К Ь Т Й Ц У Д Ш К Ф Ы В**

**Д Х А В С В С О У Л К А Д Е Р Д Н К П А У В П А Л Д П К А О Р Д Т Б Ь М А К Д Р**

**Х Р П К О А Л Д Р А Х М И Т А К Ц В О Р П К А Д О Л Ш Г Н Е Х А К В С Ч Ф М Ц Ч**

**Й Ц У К Е А Г Ш А З Х А Ж К Л О Р П А В Ф К А М И Т А Б С К А Х С А В Л У Ц А К**

**Х З Ш К А Т Р П А К Л О Р Н А К Ц А К В А Х Л О Р И М А К Ь Т Й Ц У Д Ш К Ф Ы В**

**С Х А В С В С О У Л К А Д Е Р Д Н К П А У В П А Л Д П К А О Р Д Т Б Ь М А К Д Р**

**Х Р П К О А Л Д Р А Х М И Т А К Ц В О Р П К А Д О Л Ш Г Н Е Х А К В С Ч Ф М Ц Ч**

**Й Ц У К Е А Г Ш А З Х А Ж К Л О Р П А В Ф К А М И Т А Б С К А Х С А В Л У Ц А К**

**Х З Ш К А Т Р П А К Л О Р Н А К Ц А К В А Х Л О Р И М А К Ь Т Й Ц У Д Ш К Ф Ы В**

**Й Ц У К Е А Г Ш А З Х А Ж К Л О Р П А В Ф К А М И Т А Б С К А Х С А В Л У Ц А К**

**Х Р П К О А Л Д Р А Х М И Т А К Ц В О Р П К А Д О Л Ш Г Н Е Х А К В С Ч Ф М Ц Ч**

**Й Ц У К Е А Г Ш А З Х А Ж К Л О Р П А В Ф К А М И Т А Б С К А Х С А В Л У Ц А К**

**Д Х А В С В С О У Л К А Д Е Р Д Н К П А У В П А Л Д П К А О Р Д Т Б Ь М А К Д Р**

**Ц Й У В А П Р Л О Н Г Ш Л Д Ж Ь И М В Х Р П К О А Л Д Р А Х М И Т А К Ц В О П А**

**Ф К А М И Т А Б С К А Х С А В Л У Ц А К Ш Г Н Е Х А К В С Ч Ф М Ц К Р О Д Ж Х В**

**К А Д Е Р Д Н К П А У В П А Л Д П У К Е А Г Ш А З Х А Ж О Р П К А Д М П Р Т А Т**

**К А М И Т А Б С К А Х С А В Л У Й Ц Р Й Ц У К Е А Г Ш А З Х А Ж К Л О Р П А В У**

**Х А В С В С О У Л К А Д Е Р Д Н К П А У В П А Л Д П У К Е А Г Ш А З Х А Ж П Р Ц**

**Ц Ф К А М И Т А Б С К А Х С А В Л У Ц А К У К Е А Г Ш А З Х А Ж А К Ц В О П А Ф**

**Ч Ф С Х А В С В С О У Л И Т А К Ц В О П К Х А В С В С О У Л И Т А К Ц В О П П Ш**

**И Т А К Ц В О П К А З Х А Ж К Л О Р П А В Ф К А М И Т А Б С Х А К В С Ч Ф Ь О Д**

**П А У В П А Л Д П К А О Р Д Т Б Ь Ф К А М И Т А Б С К А Х С А В Л У Ц А К П Р О**

**В А Х Л О Р И М А К Ь Т Й Ц У Ф В А Х Л А О Р Д Т Б Ь М А К Д Р О Р П К А Д Р Е**

**К А О Р Д Т Б Ь М А К Д Р Х А К В С Ч Ф В А Х Л О Р И М А К Ь Т Й Ц У А В К Е Н**

**У К Е А Г Ш А З Х А Ж А К Ц А К В А Я Й Ц У К Е А Г Ш А З Х А Ж К Л О Р П А Я Т**

**К А Д Е Р Д Н К П А У В П А Л Д П В К А О Р Д Т Б Ь М А К Д Р И Т А К Ц В О П Ж**

**А К Ц А К В А О Р П К А Д П Е Р О Н А З Х А Ж К Л О Р П А В Ф К А М И Т А Б С Э**

*(№2 qosımsha)*

***«Qızıl-qara keste» metodikası ushın stimul materialı***

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **8-k** | **24-u** | **13-m** | **7-f** | **22-b** | **12-i** | **5-b** |
| **8-1** | **14-f** | **14-r** | **17-sh** | **15-d** | **6-g** | **3-e** |
| **19-k** | **3-k** | **18-ch** | **23-k** | **16-r** | **18-1** | **17-r** |
| **21-r** | **13-a** | **1-r** | **22-sh** | **11-r** | **23-g** | **20-g** |
| **5-m** | **10-s** | **4-f** | **25-r** | **21-ts** | **2-t** | **19-j** |
| **12-j** | **6-b** | **16-u** | **20-m** | **4-s** | **10-b** | **9-a** |
| **2-n** | **7-n** | **11-l** | **15-u** | **9-k** | **24-i** | **1-v** |

*(№3 qosımsha)*

***«Myunsterberg» metodikası ushın stimul materialı***

**lpaquyashvarpdvkengshrayonaprldvjıztsjan`alıqutsyfıvrjhaqıyqatnushtsi**
**vfoldshshgutsymisprokurorpadshzuxztsfchıdlreyateoriyaykutsengshzxfıv**
**aropaolgnekutsukgeshzdaorvtelevizorardjzxfyachsmitautsyıvlyufdlieslew**
**arolytsukgshshzenfırpvaldqabıllawıvaroldjyubtiimchsyautsshshzxmuhabb**
**atfıvvldjespektakl`chsmitıfaldjzshshtsyquwanıshgshshzjxeıfarolmtischxal**
**qfylorfıvgigienaırotipkngshshzxtsyfyareportajldojzxeengshshkutsıyachsm**
**itfchyasitmarpoelgshnzxejdshaxsıvarotimpldjeyubyafju`ziwıroltimsbyudjz**
**yıvarotimschdjexzshshukgbtiyukomediyavatsukgshshdjıfyachsqapalanıwf**
**ıejıvaroldjeyubtimschyazshkenlaboratoriyaprldjzshukenufartiykarxejdlora**
**ıvaroldjexzshkengutstyachsmbyuıfolrdjpsixiatriyaıropaldjefchyamitbyuzsh**

*(№4 qosımsha)*

***«Obrazlardı este saqlaw» metodikası ushın stimul materialı***



## BİLİW PROTSESSLERİNİN` DİAGNOSTİKASINDA QOLLANILATUG`IN METODİKALAR

| | |
|---|---|
| ***Breystin` ha`reket qa`biletleri testleri –*** | 1927-jılı D.Breys ta`repinen islep shıg`ılg`an bolıp, bul testler batareyası ha`reketlenip biliwdin` rawajlanıw da`rejesin diagnostika qıladı. |
| ***Benderdin` ko`riw-ha`reketli geshtal`t testi –*** | 1938-jılı L.Bender ta`repinen islep shıg`ılg`an bolıp, ko`riw-motorlı jag`daydı izertlewde qollanılatug`ın metodika. |
| ***Vekslerdin` este saqlaw shkalası*** – | 1946-jılı Veksler ta`repinen islep shıg`ılg`an bolıp, este saqlawdı bahalawshı metodika. |
| ***So`ylew rawajlanıwının` Geydel`berg testi –*** | 1978-jılı X.Grimm ha`m X.Sheler ta`repinen usınılg`an bolıp, 3 jastan 9 jasqa shekemgi balalardın` so`ylew qa`biletin diagnostikalawshı test. |
| ***Korrektur sınawı –*** | 1895-jılı B.Burdon ta`repinen usınılg`an bolıp, dıqqattın` tezligin, kontsentratsiya da`rejesin ha`mde turaqlılıg`ın anıqlawshı test. |
| ***Ozeretskiydin` ha`reketti bahalaw shkalası –*** | 1923-jılı N.İ.Ozeretskiy ta`repinen usınılg`an bolıp, balalarda ha`m o`spirimlerde ha`rekettin` ayırım komponentlerinin` rawajlanıw da`rejesin diagnostikalawshı testli batareya. |
| ***Piktogramma –*** | (pictus - latın tilinen alıng`an so`z bolıp – sog`ılg`an, grapho - grek tilinen alıng`an so`z bolıp – «jazaman») – bul oylawdın` o`zgesheliklerin, este saqlawdı izertlewshi metodika. |
| ***Tuluza-P`eron testi –*** | dıqqattın` sıpatların bahalawshı test. |
| ***Krepelin testi –*** | 1895-jılı E.Krepelin ta`repinen islep shıgılg`an bolıp, dıqqattın` sıpatların bahalawshı test. |
| ***Shul`te kestesi –*** | F.D.Gorbov ta`repinen usınılg`an bolıp, dıqqattın` ko`shiwshen`ligin diagnostikalawda qollanıladı. |

## ***Paydalanılg`an a`debiyatlar:***


1. Karimov İ.A. Barkamol avlod – O’zbekiston taraqqiyotining poydevori – T.: Sharq, 1997, - 64 b.

2. Petrovskiy A.V. va boshqalar. Umumiy psixologiya – T.: O’qituvchi, 1992. – 251b., 318 b., 353b.

3. Карелин А.А. Психологические тесты. – М.: ВЛАДОС, 2001. – 229 -239.

4. Шевандрин Н.И. Основы психологической диагностики, 3-том – М.: ВЛАДОС, 2003. – 297 – 326.

# M A Z M U N I


So’z bası ………………………………………………………………………. 3
Dıqqat psixodiagnostikası ……………………………………………….. 4
Este saqlaw psixodiagnostikası ………………………………………….. 7
Oylaw psixodiagnostikası ……………………………………………..… 10
Qosımshalar ……………………………………………………………... 14
Biliw protsesslerinin` diagnostikasında qollanılatug’ın metodikalar ………... 17
Paydalanılg`an a`debiyatlar …………………………………………….... 18

*İbragimova Rano Jalgasovna*

# BİLİW PROTSESSLERİNİN` PSİXODİAGNOSTİKASI

***(Metodikalıq qollanba)***


**Tex. redaktor *U.B.Balımova***

**Korrektor *K. Kadirniyazova***

**Operator *N.Nısanbaev***

**A`jiniyaz atındag`ı NMPİ redaktsiya-baspa bo`limi**

**A`jiniyaz atındag`ı NMPİ kishi baspaxanasında basılg`an. 2013-j.**

**Buyırtpa №--------. Nusqası – 100 dana. Formatı 60x84.**

**742005, No`kis qalası, A. Dosnazarov ko`shesi-104. Reestr № -----------.**